

**MAKSIM KERJASAMA KUALITAS SAJRONE PACATURAN LAWAKAN
PERCIL CS ING PAGELARAN WAYANG
(Tintingan Pragmatik)**

E-JOURNAL



**Dening:
HASTI IRINE AYU RUKMI
NIM 15020114055**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH
2019**

**MAKSIM KERJASAMA KUALITAS SAJRONE PACATURAN LAWAKAN PERCIL CS
ING PAGELARAN WAYANG
(TINTINGAN PRAGMATIK)**

Hasti Irine Ayu Rukmi

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni,
Universitas Negeri Surabaya

hastirukmi@mhs.unesa.ac.id
hastiirineayu23@gmail.com

Pembimbing

Dr. Surana, S.S., M.Hum.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni,
Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Percil Cs nduweni titikan anggong nglawak, yaiku saliyan kanggo gegojegan supaya panontone gumuyu lan kalipur, nanging uga kanggo ngandharake pesen moral lan agama. Supaya pacaturan lawakan kang diandharake cetha, gampang ditampa lan dingerteni dening mitra tutur, Percil Cs migunakake prinsip kerjasama Grice kang mligi ing maksim kualitas. Kanggo nuwuhake surasa lucu sajrone tuturane, Percil Cs banjur nerak prinsip kerjasama kualitas kang sinebut panyimpangan maksim kualitas. Panliten iki ngrembug (1) Wujud lan titikane maksim kualitas sajrone PLPC ing pagelaran wayang, (2) Panyimpangane maksim kualitas sajrone PLPC ing pagelaran wayang, (3) tema kang dadi dhasar PLPC ing pagelaran wayang.

Ancase panliten iki yaiku ngandharake ujud lan titikane maksim kualitas sajrone PLPC ing pagelaran wayang, panyimpangane maksim kualitas sajrone PLPC ing pagelaran wayang, tema kang dadi dhasar PLPC ing pagelaran wayang. Paedah panliten iki, yaiku diajab bisa menehi paedah tumrap panliti, bisa kanggo nambah kawruh ngenani wujud lan panyimpangan prinsip kerja sama, mligine ing maksim *kualitas*. Tumrap pamaca, supaya bisa menehi wawasan ngenani ilmu basa mligine ngenani pragmatik. Lan supaya bisa nggampangake anggong nyinaoni bab prinsip kerja sama mligine ing wujud maksim *kualitas* lan panyimpangane maksim *kualitas*.

Teori sing digunakake sajrone panliten iki yaiku prinsip kerjasama dening Grice lan pigunane tindak tutur miturut Searle kang diperang dadi lima yaiku tindak asertif, dhirektif, ekspresif, komisif, lan deklaratif. Sarta tata-cara anggong nuwuhake lawakan migunakake basa miturut Berger yaiku nuturake pasemon, plesedan, lan nuturake bab kang ndadekake salah tampa.

Panliten iki migunakake panliten kualitatif, metodhe dheskriptif. Panliti ngumpulake dhata migunakake teknik nyemak bebas libat cakap lan teknik nyathet. Dene instrumen panlitene yaiku panliti, laptop, lan piranti kanggo nyathet. Dhata kang dijupuk arupa tetembungan lisan saka pacaturan Percil Cs sajrone vidheo ing *you tube*.

Asile panliten iki yaiku lawakan Percil Cs migunakake teori prinsip kerjasama kang munjer ing wujud tuturan kang laras marang maksim *kualitas* lan panyimpangane maksim *kualitas*. Wujud tuturan Percil Cs kang laras marang maksim *kualitas* adhedhasar fungsi tuturan yaiku tindak asertif awujud tuturan ngandharake lan tuturan negesake. Tindak dhirektif awujud tuturan pangarep-arep, sarta tindak ekspresif awujud tuturan umuk. Wujud tuturan Percil Cs kang nyimpang saka maksim *kualitas* adhedhasar fungsi tuturan ana tindak ekspresif, awujud tuturan nglawak. Tuturan nglawak kasebut uga migunakake sawernane cara kanggo nuwuhake surasa lucu, yaiku kanthi mlesedake tuturan (teges, tembung, lan swara), nuturake pasemon, sarta nuturake samubarang kang ndadekake salah tampa.

Tembung wigati: maksim *kualitas*, pragmatik, lawakan Percil Cs.

PURWAKA

Basa wigati banget ing panguripane manungsa, saengga sekabehane bab panguripan ing bebrayan ora bisa uwal saka panganggane wujud basa. Kaya dene minangka sarana anggone *komunikasi*, rerembungan, gegojegan, sesrawungan, dol tinuku, *politik*, tukar padu, uga ngayal lan ngipi. Sawernane pakaryan sing ana gegayutane marang wong liya, kita uga mbutuhake basa minangka sarana kang kasil *njamin* katampane pesen awujud gagasan, pikiran lan rasa marang wong liya (Kartomihardjo sajrone Basir, 2016: 74). Basa nduweni teges minangka *sistem* lambang uni kang *arbitrer*, sing digunakake dening manungsa sajrone klompok *sosial* kanggo bebarengan makarya, pacaturan, lan nemtokake sejatine diri (Kridalaksana sajrone Chaer, 2007:32).

Basa diarani piranti kang utama lan wigati sajrone sesrawungan, amarga lumantar basa kita bisa *komunikasi* awujud pacaturan marang pawongan liya. Saka pacaturan kita bisa mangerteni apa kang dirasakake lan dipikirake wong liya, saengga bisa kawujud anane sesrawungan. Basa kang dianggo *komunikasi* awujud pacaturan, beda marang wujud basa liyane. Lumrahe pacaturan basane metu sakarepe dhewe, senajan ana saperangan sing mikir kaidah basa kang trep nalika pacaturan. Nanging padatane para panganggo basa mung mikir, sing wigati basa kuwi *komunikatif* utawa mitra tutur bisa nampa pesen utawa *informasi* kang diandharake dening panutur. Miturut pigunane, basa kaperang dadi lima, yaiku: (1) Ragam baku, (2) Ragam resmi, (3) Ragam usaha (*consultive*), (4) Ragam *santai* (*casual*), lan (5) Ragam akrab (Nababan, 1993: 53). Sajrone pacaturan kadhang kala makna kang kakandhut ora slaras marang apa kang diandharake dening panutur. Bisa diarani menawa tuturan ora mesthi mung ngandhut makna kang sinurat, nanging uga ngandhut makna kang siningid sajrone tuturan. Makna tuturan kasebut diarani implikatur, bisa dimangerteni saka konteks kang situasi tutur nalika kuwi.

Pacaturan kang nduweni fungsi medharake *ekspresi* dhiru lan kanthi tujuwan nglelipur, salah sijine yaiku lawakan utawa dhagelan. Pelawak sajrone ngandharake lawakane ora mung lumantar solah bawa, nanging uga lumantar basa kang diucapake utawa pacaturan. Basa lawakan lumrahe mesthi lucu lan ndadekake penontone ngguyu (KPBj, 2001: 555). Basa-basa kasebut lumrahe ora trep utawa nylenah saka kaedah basa sing njalari anane unsur lucu, lan kaandharake kanthi *santai* lan akrab migunakake basa padinan. Ing bebrayan mligine sajrone kesenian Jawa, lawakan kuwi wis mbalung sumsum. Kayata sajrone pamentasan lodrug, kethoprak, lan wayang, kang saliyané isi lan lumakune lakon crita sing paling wigati, lawakan minangka bageyan saka pamentasan kasebut uga sing dienten-enteni. Lawakan minangka bageyan pamentasan, bisa kanthi tujuwan supaya ora spaneng anggone nyimak lakon lan ora gampang

bosen. Lawakan utawa dagelan kasebut dianggap kasil menawa wis bisa ndadekake panontone gumuyu, saya akeh lan suwe sing ngguyu saya dianggep kasil lawakan kasebut. Saliyané ndadekake gumuyu, lawakan uga nduweni manfaat kanggo ndadekake pikirane penonton dadi luwih seger lan ora spaneng. Bisa uga dadi tamba tumrap pawongan kang lagi spaneng lan nandang pikir, lumantar gumuyune marang lawakan kasebut.

Bahan kajian saka panliten iki yaiku pacaturan lawakan kang digunakake dening Percil Cs. Percil Cs nduweni titikan anggone nglawak, yaiku saliyané kanggo gegojegan supaya panontone gumuyu lan kalipur, nanging uga kanggo ngandharake pesen moral lan agama lumantar basa lawakane sing kanthi sikep akrab lan nganggo basa Jawa wetanan minangka basa padinan. Pesen moral kasebut yen lumantar lawakan, bakal gampang dingerteni dening bebrayan. Dadi panonton bisa nrima kanthi legawa lan ora spaneng uga kalipur banget.

Andharan ing ndhuwur kasebut minangka pawadan milih pacaturan lawakan Percil Cs kang dadi undheran panliten iki. Amarga pacaturan lawakan kasebut nduweni tujuwan ora mung nglipur, nanging uga menehi *informasi*, ngandharake bab agama, lan bab panguripan lumantar basa lawakan. Saengga bab kasebut narik kawigatene panliti kanggo ngonceki luwih jero. Bab kang wigati liyane sajrone pacaturan yaiku samesthine pacaturan kasebut jumbuh, runtut, lan gathuk marang kontekse. Kanthi tuturan kang cetha, gampang ditampa lan dingerteni dening mitra tutur. Panutur lan mitra tutur nalika nindakake pacaturan uga kudu migunakake prinsip kerja sama. Amarga kang dadi pangira, nalika migunakake prinsip kerja sama yaiku mitra tutur utawa wong kang diajak guneman sedya diajak kerja sama lan ngatur pacaturan kasebut. Supaya bisa mujudake pacaturan kang gumathuk, lumaku kanthi lancar, lan bisa nggayuh apa kang dadi tujuwane pacaturan. Panliten iki munjer ing prinsip kerjasama mligi ing maksim kualitas sajrone pacaturan lawakan Percil Cs. Amarga prinsip kerjasama kasebut sing paling onjo ing lawakane Percil Cs. Kayadene nalika Percil nakokake sawijne bab marang Yudho, lan Yudho mangsuli kanthi bener jumbuh marang bukti kang ana lan blaka suta miturut sing diweruhi. Wangsulane Yudho kasebut pancen bener anane lan laras marang maksim kualitas, banjur diplesedake dening Percil lan nerak prinsip kerjasama kualitas kasebut. Plesedan sing nerak prinsip kerja sama mligine maksim kualitas kasebut diarani panyimpangan maksim kualitas, lan bisa nuwuhake unsur lucu sajrone pacaturan.

Adhedhasar andharan kasebut, panliti pengin ngerteni anane wujud lan panyimpangan prinsip kerjasama maksim kualitas Grice, sarta anane wujud panyimpangane maksim kasebut sajrone pacaturan lawakan Percil Cs. Kang bakal dirembug ing panliten iki. Panliti ing kene nlihi pacaturan lawakan Percil Cs, sing diunggah ing *situs web Youtube*.

Underane Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten mau, mula undherane yaiku kaya mangelene:

- 1) Kepriye wujud lan titikane maksim *kualitas* kang digunakake sajrone pacaturan lawakan Percil Cs ing Pagelaran Wayang?
- 2) Kepriye panyimpangane maksim *kualitas* kang digunakake sajrone pacaturan lawakan Percil Cs ing Pagelaran Wayang?
- 3) Tema apa wae kang dadi dhasar pacaturan lawakan Percil Cs ing Pagelaran Wayang?

Ancase Panliten

Ancase saka panliten iki adhedhasar jlentrehan ing dhuwur yaiku:

- 1) Kanggo ngandharake wujud lan titikane maksim *kualitas* kang digunakake sajrone pacaturan lawakan Percil Cs ing Pagelaran Wayang.
- 2) Kanggo ngandharake panyimpangane maksim *kualitas* kang digunakake sajrone pacaturan lawakan Percil Cs ing Pagelaran Wayang.
- 3) Kanggo ngandharake tema kang dadi dhasar pacaturan lawakan Percil Cs ing Pagelaran Wayang.

Paedahe Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten ing dhuwur, panliten iki nduweni paedah utawa piguna kang ditemokake sawise anane panliten iki, ing antarane yaiku:

Paedah saka panliten iki diajab bisa nduweni paedah lan migunani kanggo menehi sumbangan pamikir sajeroné pangrembakan ilmu pengetahuan mligine ing bidhang basa babagan pragmatik.

- 1) Diajab bisa menehi paedah tumrap panliti, bisa kanggo nambah kawruh ngenani wujud lan panyimpangan prinsip kerja sama, mligine ing maksim *kualitas*.
- 2) Tumrap pamaca, supaya bisa menehi wawasan ngenani ilmu basa mligine ngenani pragmatik. Lan supaya bisa nggampangake anggone nyinaoni bab prinsip kerja sama mligine ing wujud maksim *kualitas* lan panyimpangane maksim *kualitas*.
- 3) Dikarepake panliten iki ana kang bisa nerusake, supaya bisa saya luwih apik maneh.

Wewatesan Panliten

Sajeroné panliten iki ana wates-wates kang kudu ditrapake panliti, amrih dhata panliten iki ora uwal saka konsep kang wis dironce dening panliti lan

ora ngglandrah. Wewatesane yaiku maksim kerjasama kualitas Grice sajrone pacaturan lawakan Percil Cs ing pagelaran wayang, kang diunggah ing medhia sosial *you tube*.

Panjltrehan Tetembungan

Supaya ora salah anggone negesi tetembungan ing panliten iki, mula bakal diandharake ngenani panjlentrehan tembung kaya ing ngisor iki:

- 1) Maksim kerjasama Grice ana 4 (patang) maksim percakapan, yaiku maksim *kuantitas* (maxim of quantity), maksim *kualitas* (maxim of quality), maksim *relevansi* (maxim of relevance), lan maksim *pelaksanaan* (maxim of manner) (Wijana, 1996: 45-50).
- 2) Lawakan umume diekspresikake sajrone kahanan kang ora ndeleng anane jarak sosial lan situasional antarane panutur lan mitra tutur. Kanthi ora ndeleng bab kasebut, gumuyu sajeroné mujudake bab lucu kasebut minangka dadi bukti fisik ngrasakake humor (Wijana, 2010: 138-139).
- 3) Percil Cs yaiku sawijine jeneng grup lawakan kang digawe dening Cak Percil utawa Deni Afriandi lan garwane Deni Kristiani ing taun 2013. Banjur ing taun kasebut dheweke nggandheng kanca saegurone Cak Yudho Bakiak, lan bebarengan nglawak ing taun kasebut nganti taun 2017. Percil Cs uga nduweni manajemen kang jenenge Guyon Maton Record Cak Percil Cs (<https://id.m.wikipedia.org> diakses 1 Pebruari 2019).
- 4) *Youtube* yaiku salah sawijine *situs web* ing ngendi panganggone bisa ngunggah, ngundhuh, nonton, lan mbagi videone (<https://id.m.wikipedia.org> diakses 1 Pebruari 2019).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tintingan kapustakan iki minangka babagan kang wigati tumrap panliten, amarga ing kene ngandharake panliten kang saemper ngenani aspek pragmatik mligine bab maksim kerjasama lan panyimpangan kerja sama, uga njlentrehake konsep teori utawa konsep kang dadi lelandhesane panliten.

Panliten Saemper

Panliten kang sesambungan utawa ana gegayutane karo maksim kerjasama, wis ditindakake dening panliti-panliti sadurunge lan bakal diandharake ing ngisor iki.

Panliten kang kapisan ditindakake dening Choiria Fitriyanti taun 2017 kanthi irah-irahan *Prinsip Kerja Sama sajrone Adicara Ngoro Bei ing Jtv*. Ancase panliten iki yaiku njlentrehake wujud penyimpangan prinsip kerja sama sajrone adicara Ngoro Bei ing JTV, lan njlentrehake sipat humor kang ana ing adicara Ngoro Bei ing JTV. Asil saka panliten kasebut yaiku anane prinsip kerjasama lan sipat humor kang ana sajrone Ngoro Bei ing JTV. Prinsip kerjasama kaperang dadi papat, yaiku maksim kuantitas, maksim

kualitas, maksim cara, lan maksim relevansi. Dene maneka sipat dhagelan kang ana ing adicara Ndoro Bei ing JTV yaiku ana sing nggodha, sing ora nalar, sing ambigu, sing ngemu kejutan, sing nglanggar tabu, nampilake sing aneh-aneh, bisa ngecoh wong liya, ana sing dolanan tembung, lan liya-liyane.

Pepadhane panliten iki karo panliten duweke Choria Fitriyati yaiku padha-padha ngandharake prinsip kerja sama sajrone basa dhagelan. Bedane karo panliten Choiria Fitriyati yaiku ing panliten iki ora ngrembag sipat humor sajrone basa dhagelan.

Panliten saemper kang kaloro ditindakake dening Ardian Kurnianto taun 2013 kanthi irah-irahan *Aspek Pragmatik Basa Dhagelan Kirun lan Sandirana*. Sing dirembag sajrone panliten iki yaiku teori pragmatik, mligine maksim kerjasama lan maksim kesopanan sajrone dhagelan Kirun lan Sandirana. Tujuwane yaiku kanggo ngandharake aspek pragmatik wujud maksim kerjasama lan maksim kasopanan kang digunakake ing Dhagelan Kirun lan Sandirana, uga ngenani penyimpangan prinsip kerjasama lan penyimpangan prinsip kesopanane. Asile panliten iki yaiku maksim kerjasama Grice yaiku maksim kualitas, kuantitas, relevansi, cara utawa pelaksanaan sajrone dhagelan Kirun lan Sandirana. Lan prinsip kesopanan miturut Leech yaiku maksim kawicaksanan, paneriman, *kemurahan*, *kerendahan hati*, kacocogan lan kasimpatan sajrone dhagelan Kirun lan Sandirana. Sarta ngenani penyimpangan maksim kerjasama lan penyimpangan maksim kesopanan sajrone dhagelan kasebut.

Pepadhane panliten iki karo duweke Ardian Kurnianto yaiku padha-padha ngrembag ngenani prinsip kerja sama sajrone basa Dhagelan. Bedane ing panliten iki ora ngrembag ngenani maksim kasopanan lan *penyimpangane* maksim kasopanan.

Panliten saemper kang katelu ditindakake dening Intan Nur Cahyani taun 2017 kanthi irah-irahan *Maksim Kerjasama lan Penyimpangan Maksim Kerjasama sajrone Pacaturan Para Mahasiswa kang Kos ing Babatan*. Panliten iki ngrembag teori pragmatik sajrone pacaturan, mligine teori maksim kerjasama Grice sajrone pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan. Tujuwane yaiku kanggo ngandharake aspek pragmatik wujud maksim kerjasama lan *penyimpangan* maksim kerjasama kang digunakake para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya. Asile panliten iki yaiku andharan ngenani maksim kerjasama Grice yaiku maksim kualitas, kuantitas, relevansi, cara utawa palaksanaan lan *penyimpangane* sajrone pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan.

Pepadhane panliten iki karo duweke Intan Nur Cahyani Safitri taun 2017 yaiku padha-padha ngrembag ngenani maksim kerjasama lan *penyimpangane* maksim kerjasama. Bedane ing panliten iki ora ngrembag maksim kasebut sajrone pacaturan mahasiswa.

Panliten kang kapapat ditindakake dening Ratna Yulia Damayanti taun 2017 kanthi irah-irahan

Prinsip Kerjasama sajrone Pacaturan Lawakan Kirun, Bagyo lan Kholik. Panliten kasebut ngandharake teori pragmatik sajrone pacaturan, mligine ing pacaturan lawakan Kirun, Bagyo, lan Kholik. Tujuwane yaiku kanggo njlentrehake aspek pragmatik wujud maksim kerjasama lan penyimpangan maksim kerjasama kang digunakake ing pacaturan lawakan Kirun, Bagyo, lan Kholik, uga ngandharake pesen lan tetembungan kang kinandhut sajrone pacaturan lawakan kasebut. Asile panliten iki yaiku andharan ngenani prinsip kerjasama Grice yaiku maksim kualitas, kuantitas, relevansi, cara/pelaksanaan lan penyimpangan maksim kerjasama kasebut sajrone pacaturan lawakan Kirun, Bagyo, lan Kholik. Sarta mbeberake ngenani tetembungan lan pesen sajrone pacaturan lawakan kasebut.

Pepadhane panliten iki karo panlitene Ratna Yulia Damayanti taun 2017 yaiku padha-padha ngrembag ngenani prinsip kerjasama lan *penyimpangane* maksim kerjasama. Bedane ing panliten iki ora ngrembag maksim kasebut sajrone pacaturan lawakane Kirun, Bagyo, lan Kholik.

Panliten saemper kang pungkasan ditindakake dening Marena Wahyuni taun 2016 kanthi irah-irahan *Implikatur Pacaturan lan Pelanggaran Maksim Kerjasama sajrone Tetakonan ing Grup Sumbangsih*. Panliten kasebut ngandharake teori pragmatik sajrone pacaturan, mligine sajrone pacaturan tetakonan ing grup Sumbangsih. Tujuwane yaiku kanggo ngandharake apa wae jinis implikatur pacaturan ing grup Sumbangsih lan apa wae jinis *pelanggaran* maksim kerjasama kang digunakake ing pacaturan ing grup Sumbangsih. Asile panliten iki yaiku tinemune jinis implikatur pacaturan arupa implikatur pacaturan umum lan implikatur pacaturan mligi. Uga tinemune jinis pelanggaran maksim kerjasama awujud *pelanggaran* maksim kualitas, kuantitas, relevansi lan cara sajrone pacaturan grup Sumbangsih kasebut.

Pepadhane panliten iki karo panlitene Marena Wahyuni taun 2016 yaiku padha-padha ngrembag ngenani prinsip kerjasama mligine ing *penyimpangane*. Bedane ing panliten iki ora ngrembag ngenani teori implikatur lan jinise. Sarta objeke uga beda yaiku sajrone pacaturan tetakonan ing grup Sumbangsih.

Konsep Basa

Basa minangka piranti kanggo ngandharake pikiran lan perasaan panuture. Basa nduweni teges minangka *sistem* lambang uni kang *arbitrer*, sing digunakake dening manungsa sajrone klompok *sosial* kanggo bebarengan makarya, pacaturan, lan nemtokake sejatine diri (Kridalaksana sajrone Chaer, 2007:32). Kuwi kabeh dumadi sajrone panguripan saben dinan ing bebrayan, wiwit tangi nganti bali turu maneh. Kita mbutuhake basa kanggo mbiyantu anggone urip minangka makhluk *sosial* kang mbutuhake siji lan liyane. Piranti sesrawungan kang utama sajrone urip lan panguripan ing bebrayan yaiku basa (Basir, 2016: 76). Basa dadi wigati banget sajeroning sesrawungan ing bebrayan. Amarga nalika sesrawungan, basa nduweni piguna lan tujuwan tartamtu gumantung kabutuhane panuture.

Fungsi basa miturut Soeparno (2013: 15) diperang dadi fungsi *umum* lan fungsi kang mligi. Fungsi umume basa yaiku minangka piranti *sosial* utawa sesrawungan. Nalika sesrawungan ing bebrayan, kabeh pawongan mesthine nglakokake pacaturan. Piranti kanggo pacaturan yaiku basa, saengga ora ana bebrayan tanpa basa lan ora ana basa tanpa bebrayan. Fungsi kang mligine yaiku miturut Jakobson (sajrone Soeparno, 2013: 18) ana enem, yaiku fungsi *emotif* utawa kanggo ngandharake rasa atine, fungsi *referensial* kanggo ngrembag prakara tartamtu, fungsi *puitik* kanggo ngandharake amanat utawa pesen, fungsi *fatik* kanggo sesrawungan marang wong liya, fungsi *fonatik* kanggo ngatur tumindake wong liya, lan fungsi *metalingual* kanggo ngrembag pigunane sawijine basa. Nanging kang paling utama fungsine yaiku kanggo *komunikasi*, saengga *komunikasi* minangka piranti sing bisa nuwuhake sistem *sosial* ing bebrayan (Nababan, 1993: 48).

Miturut panganggone, wernane basa bisa kaperang dadi loro, yaiku werna basa lisan lan werna basa tulis. Werna basa lisan yaiku werna basa kang digunakake kanthi cara guneman utawa pitutur kang lumrahe diandharake pawongan siji marang pawongan liyane. Werna basa tulis yaiku werna basa kang digunakake kanthi cara nulis. Werna basa liyane ana kang saka obahe awak sing nduweni arti tartamtu. Miturut pigunane, basa kaperang dadi lima, yaiku: (1) Ragam baku, utawa jinis kang paling *resmi* lan dianggo ing kahanan-kahanan kang khidmat uga upacara-upacara *resmi*, (2) Ragam *resmi*, yaiku jinis kang dianggo ing tanggap wacana *resmi* kayadene rapat dinas lan sapiturute, (3) Ragam usaha (*consultive*), jinis basa kang dianggo ing tuturan-tuturan basa ing pawiyatan, *perusahaan*, lan sapiturute, (4) Ragam *santai* (*casual*), yaiku jinis basa kang dianggo pacaturan marang kanca kanthi santai nalika gegojegan utawa dolan lan sapiturute, kang pungkasan (5) Ragam akrab (*intimate*), yaiku jinis basa kang dianggo antar kulawarga utawa kanca cedhak kanthi akrab (Nababan, 1993: 53).

Saka andharan ing ndhuwur bisa didudut menawa basa lan pigunane basa, minangka piranti sesrawungan kang wigati lan nduweni piguna kang utama kanggo sarana *komunikasi*, uga piguna liyane kanggo ngandharake sekabehane pangrasa lan pikirane panutur lumantar lisan, tulisan, uga solah-tingkahe marang manungsa siji lan liyane. Saengga bisa ningkatake derajate lan bisa dadi pambada marang makhluk liyane.

Konsep Pragmatik

Wijana (1996: 10-11) ngandharake menawa pragmatik kuwi nyinaoni wujud basa kanggo mangerteni kekarepane panutur, banjur adhedhasar andharane Leech (1983: 13-14) yaiku pragmatik minangka studi basa kang bisa dianalisis adhedhasar konteks. Wijana (1996) njlentrehake menawa konteks kang kaya mangkono bisa diarani konteks

kahanan utawa situasi tutur (*speech situational contexts*). Kang kalebu konteks kahanan tutur yaiku panutur utawa pamicara lan mitra tutur utawa wong kang ngrungokake, konteks tuturan utawa sekabehane bab sing padha-padha diweruhi panutur lan mitra tutur sarta bab sing nyengkuyung lumakune pacaturan, tujuwan tutur kang gegayutan marang wujud tuturan sawijine pawongan, tuturan minangka wujud tumindak (*verba*) kang ana nalika lumakune pacaturan, lan tuturan minangka wujud asil saka tumindak (*verba*), kang sejatine tuturan minangka asil saka tumindak para paraga tutur.

Dene menawa saka andharane Leech (1993: 5-6) pragmatik kuwi nyinaoni maksud utawa ancane tuturan, yaiku kanggo apa pacaturan kasebut dilakokake, apa kang dadi ancas sawijine pawongan kanthi anane pacaturan kasebut, lan nggayutake makna marang sapa kang diajak pacaturan, ana ing ngendi, lan kepriye pacaturan kasebut. Pangertenane konteks luwih cethane, ana sajrone andharane Hymes (sajrone Mulyana, 2005: 23-24) menawa konteks kaperang dadi wolung kang diwedhar ing ngisor iki:

- 1) *Setting and scene*, yaiku latar lan kahanan. Latar (*setting*) kang asipat fisik, awujud latar wektu lan panggonan dumadine pacaturan. Menawa kahanan (*scene*) luwih asipat psikis utawa kahanan *psikologis* nalika dumadine pacaturan.
- 2) *Participant*, paraga pacaturan utawa pawongan kang nindakake pacaturan. Bab-bab utawa konteks kang gegayutan marang paraga pacaturan yaiku umur, pandhidhikan lan kahanan *sosiale* paraga pacaturan.
- 3) *Ends* utawa asil, yaiku asil wangsulan saka sawijine pacaturan kang dikarepake dening panutur (*ends as outcomes*) lan tujuwan akhir kang arepe digayuh sajrone pacaturan (*ends in view goals*).
- 4) *Act sequences* yaiku amanat utawa pesen kang kakandhut sajrone pacaturan, kang sengaja utawa ora sengaja diandharake panutur kanggo mitra tutur utawa wong kang ngrungokake tuturan.
- 5) *Key* awujud cara, nada, sikap nalika nindakake pacaturan. Sikap sajrone pacaturan kayadene tumemen, santai, dan akrab.
- 6) *Instrumentalities* utawa sarana, yaiku medhia kang dianggo mragakake utawa nyengkuyung bab kang dirembag sajrone pacaturan lumrahe awujud barang.
- 7) *Norm* yaiku norma utawa paugeran kang dadi watesan nalika nindakake pacaturan. Kaya dene bab-bab kang ora oleh utawa ora pantes diucapake sajrone pacaturan arupa bab kang *ambigu*, kepriye ngetrepake awak sajrone pacaturan, kepriye nuturake pacaturan kanthi tinarbuka, alus, lan kasar.
- 8) *Genre* utawa jinis, yaiku wujud jinis wacana tuturan. Kang nuduhake jinis wacana telpon, warta, lawakan, geguritan, ceramah, lan sapiturute.

Konsep Tindak Tutur

Solah-tingkah kang diwujudake lumantar tuturan, nduweni piguna *psikologi* lan sosial nalikane sesambungan antarane wong loro sarta sarana kanggo nindakake sawijine tumindak kang diucapake lumantar lisan (Yule, 2006: 27). Tindak tutur nduweni fungsi kanggo njlentrehake, menehi informasi, lan nindakake samubarang Tindak tutur (*speech acts*) minangka peranan saka pristiwa tutur (*speech event*). Pristiwa tutur yaiku dumadine tindak tutur, antarane wong loro utawa luwih minangka panutur lan mitra tutur kang ngrembug sawijine bab ing wektu, panggon, lan kahanan tartamtu kaya dene gegojegan, takon dalan, pirembungan lan sapiturute. Menawa Searle (sajrone Surana, 2015) merang telung wujud tindakan sing bisa diwujudake panutur, yaiku tindakan kanggo njlentrehake samubarang, tindakan nglakokake samubarang, tindakan mangribawani mitra tutur. Austin (Rani, 2010: 160-163) ngandharake perangan tindak tutur ana telu, yaiku tindak lokusi, tindak ilokusi, lan tindak perlokusi.

Maksim-Maksim Kerjasama Grice

Saben peserta tutur utawa antara pamicara lan lawan micarane kuwi kudu duwe sawijine prinsip kerjasama, supaya *proses komunikasi* bisa lumaku kanthi lancar, *kooperatif* lan ngetrapi prinsip pacaturan (*conversational principle*). Amarga sejatine pacaturan minangka tumindak kang gegayutan marang pawongan liya utawa bisa diarani tumindak *sosial*. Kaya dene tumindak *sosial* liyane, cecaturan uga mbutuhake paraga pacaturan kanggo bebarengan melu nyengkuyung lumakune pacaturan. Yen ana salah siji paraga kang ora melu nyengkuyung, bisa dipasthekake lumakune pacaturan bakal ora lancar. Mula, kudune paraga pacaturan bebarengan nyengkuyung lumakune pacaturan kang ana sajrone maksim *kerja sama* Grice. Grice ngandharake yen sajrone nindakake prinsip kerjasama ing dhuwur, saben panutur kudu nganut 4 (patang) maksim percakapan, yaiku maksim kuantitas (maxim of quantity), maksim kualitas (maxim of quality), maksim relevansi (maxim of relevance), lan maksim pelaksanaan (maxim of manner) (Grice, 1975: 45-47).

Maksim Kualitas (The Maxim of Quality)

Maksim *kualitas* sajrone pacaturan mujudake bab kang ngemu teges bener lan blaka suta miturut apa kang diweruhi (Grice, sajrone Parera, 2004: 245). Menawa Wijana (1996: 42) ngandharake menawa saben paraga diwajibake supaya nindakake pacaturan kanthi adhedhasar bukti utawa kasunyatan sing ana. Ora ngomongake bab-bab sing ora slaras ing kasunyatan utawa apus-apus. *Informasi* sing diandharake trep lan ana dhasarane utawa pancen ana kasunyatan.

Panliten iki munjer ing maksim kualitas sajrone pacaturan lawakan Percil Cs, amarga sajrone pacaturan kasebut Percil Cs akeh utawa ngonjokake maksim kualitas anggone nglawak kayadene ngandharake bab kang bener lan blaka suta uga ana

bukti ing kasunyatan.

Panyimpangan Maksim Kualitas (*Flouting a Maxim of Quality*)

Panyimpangan maksim kualitas sajrone pacaturan mujudake andharan kang swalike saka maksim *kualitas*. Ateges andharan kasebut mujudake bab kang ora bener utawa ora blaka miturut sing diweruhi, lan ora ana bukti utawa ora trep marang kasunyatan anggone ngandharne sawijine bab ing pacaturan. Nalika pacaturan lawakan Percil Cs, saliyane migunakake maksim *kualitas* kanggo nuwuhake surasa lucu liyane uga migunakake panyimpangane maksim kasebut.

Konsep Lawakan

Miturut Kamus Pepak Basa Jawa (2001: 555) lawak tegese lucu, lawakan yaiku lelucon utawa sekabehane bab sing njalari gumuyu. Nglawak ateges nywara, omong, tingkah laku, solah bawa sing dilakoni marakake wong gumuyu. Pelawak ateges pawongan kang seneng nglucu utawa pawongan sing nyambut gawe dadi tukang lucu. Lawakan wis lumrah ing panguripan. Wujude lawakan bisa saka pacaturan, solah bawa, utawa barang kang nylenah saka wujud asline, aneh utawa ora lumrah. Bab-bab kasebut bisa diwujudake kanthi sengaja utawa ora sengaja. Lan nuwuhake kesan lucu, saengga sapa wae kang ndeleng, maca utawa ngrungokake bakal spontan ngguyu (Setiawan, sajrone Suhadi: 1989).

Arthur Asa Berger (2005: 83) nuturake menawa ana 45 teknik nuwuhake lawakan, kang bisa digolongake dadi patang pokok, yaiku: basa (*the humor is verbal*), logika (*the humor is ideation*), wujud (*the humor is existensial*), lan solah bawa (*physical*). Panliten iki munjer ing teori lawakan adhedhasar basa sajrone pacaturan.

Berger (sajrone Anastasya, 2013: 5) uga ngandharake tata-cara anggone nuwuhake lawakan migunakake basa yaiku kanthi ngluwih-luwihake tuturan, nuturake *ironi* (mlesedake teges kang satenane), nuwuhake kahanan salah-tampa, ngina, ngothak-athik tembung, ngothak-athik uni, nuturake *sarkasme* (nacad), nuturake *satire* (nyemoni kahanan pawongan), lan nuturake paidon.

Grup Percil Cs

Barengan marang Deni Kristiani minangka garwane, Percil utawa Deni Afriandi *ngrintis* grup campursari Ngoro Bei Cak Percil Cs kanthi menejemen GM Record Cak Percil. Nalika ing taun iki uga, dheweke ngajak kanca sapegurone yaiku Yudho Bakiak sing lagi uga metu saka Padhepokan Kirun. Kanggo bebarengan nglawak, banjur para *fans-e* menehi jeneng Duo Peya utawa akronim saka Percil-Yudho. Cs dhewe minangka cekakan saka *cum suis* kang tegese kanca raket utawa sawijine *geng*. Grup Percil Cs kuwi kondhang minangka grup lawakan antarane Percil lan Yudho, amarga Yudho minangka kanca saben nglawake Percil yen lagi diundhang manggung. Nanging ing taun sabanjure mligine taun 2018 nganti

saiki, Percil ora nglawak maneh barengan karo Yudho nanging karo Kunthet jalaran anane masalah marang Percil lan Yudho. Panliti milih Percil Cs kang dumadi saka paraga Percil lan Yudho, amarga panliti rumangsa kondhang kalokane grup lawakan Percil Cs nalika gandhengan karo Yudho.

Lelandhesan Teori

Panliten iki migunakake lelandhesan teori prinsip kerja sama Grice. Amarga pacaturan minangka tumindak sosial, saengga mbutuhake paraga pacaturan kanggo bebarengan melu nyengkuyung lumakune pacaturan. Yen ana salah siji paraga kang ora melu nyengkuyung, bisa dipasthekake lumakune pacaturan bakal ora lancar lan ora bisa nggayuh apa kang dadi tujuwane pacaturan. Mula, kudune paraga pacaturan bebarengan nyengkuyung lumakune pacaturan kanthi nggatekake prinsip kerja sama Grice. Grice ngandharake yen sajrone nindakake prinsip kerjasama ing dhuwur, saben panutur kudu nganut 4 (patang) maksim percakapan, yaiku maksim kuantitas (maxim of quantity), maksim kualitas (maxim of quality), maksim relevansi (maxim of relevance), lan maksim pelaksanaan (maxim of manner) (Grice, 1975: 45-47).

Nanging teori prinsip kerja sama Grice kasebut sajrone panliten iki dipunjerake maneh ing maksim kualitas (maxim of quality). Wijana (1996: 42) ngandharake menawa saben paraga diwajibake supaya nindakake pacaturan kanthi adhedhasar bukti utawa kasunyatan sing ana supaya slaras marang maksim kualitas. Lan bisa suwalike, menawa paraga nuturake bab tanpa adhedhasar bukti kasunyatan utawa apus-apus kaya mangkono minangka panyimpangan maksim kualitas. Panyimpangan maksim kualitas mesthi anane ing pacaturan, senajan ora slaras marang prinsip kerja sama nanging panyimpangan kasebut dumadi amarga ana tujuan liya kaya dene kanggo nuwuhake surasa lucu ing pacaturan. Objek kang ditliti ing panliten iki yaiku pacaturan lawakan Percil Cs sajrone pagelaran wayang arupa dokumentasi vidheo ing *you tube*. Supaya luwih gampang lan cetha anggone ngandharake teori ing panliten, bakal diwedharake sajrone bagan teoritis ing ngisor iki.

METODHE PANLITEN

Ing bab iki bakal ngrembug ngenani limang perkara kang bakal diandharake. Perkara iku mau ana sesambungane karo metode kang digunakake sajroning panliten iki. Limang perkara mau yaiku ancangan panliten, sumber shata lan dhata, instrumen panliten, tata cara panglumpuking dhata, lan tata cara pangolahing Dhata.

Ancangan Panliten

Panliten iki migunakake panliten kualitatif, metodhe dheskriptif. Panliten kualitatif yaiku panliten kang nduweni maksud kanggo mangerteni *fenomena* ngenani apa kang dialami dening subjek panliten

kayadene tumindake, pikirane, *motivasi* lan kanthi cara dheskriptif sajrone tembung-tembung lan basa, sajrone konteks kang mligi (Moleong, 2008: 6).

Menawa miturut Mahsun (2005: 86), metodhe dheskriptif ana telung tahapan palaksanane yaiku nglumpukake dhata, njlentrehake dhata, lan ngandharake asil jlentrehane dhata. Cara ngandharake dhata, kang kapisan njlentrehake dhata kanthi nggayutake marang titiwanci struktur basane. Kapindho, jlentrehake dhata kanthi njingllengi konteks panganggone. Jlentrehane kasebut kanthi wujud tekstual lan kontekstual. Saka panjlentrehane ing ndhuwur, panliten iki bisa diarani migunakake panliten kualitatif kanthi metodhe dheskriptif. Amarga panliten iki niti tumindake subjek panliten kang wujud dhata basa, arupa tembung-tembung sajrone pacaturan lawakan Percil Cs sajrone vidheo. Lan sabanjure bakal dijlentrehake siji mbaka siji adhedhasar teori prinsip kerjasama Grice.

Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku asale dhata saka objek kang ditliti. Sumber dhata iki bisa ndadekake panliti ngasilake sawijine dhata kanggo objek panliten. Sajrone panliten iki sumber dhata yaiku saka video kang kaunggah ing medhia sosial *You tube*, kanthi maneka warna irah-irahan. Video kasebut ngemot rekaman gambar kang munjer ing paraga Percil Cs kang ndhagel ing sawijine pagelaran wayang, kang dilaksanakake ing sawernane papan ing Jawa Timur. Nalika wulan April nganti wulan September ing taun 2017.

Dhata Panliten

Miturut Sudaryanto (1993: 3) tegese dhata yaiku bahan panliten. Dhata kasebut diajab bisa mangsuli apa kang dadi undherane panliten, kang sabanjure bakal dijlentrehake kanthi dhasar teori kang dianggo dening panliten. Dhata kaperang dadi rong jinis yaiku dhata primer lan dhata sekunder. Dhata primer miturut Umi Narimawati (2008: 98) yaiku dhata kang asale saka sumber kapisan, ateges ora kawujud langsung arupa kumpulan dhata kang wis diolah. Nanging isih prelu nggoleki dhata kasebut saka narasumber utawa *responden* minangka pawongan kang didadekake objek panliten kanggo ngolehake dhata. Menawa dhata sekunder yaiku dhata kang jumbuh marang informasi diolehake saka sumber kang wis ana utawa objek panliten. Dhata kasebut migunani kanggo nyengkuyung anane dhata primer.

Dhata kang utama sajrone panliten kualitatif yaiku tembung-tembung lan tumindake subjek panliten, kang dicathet awujud tulisan utawa sarana rekaman lan photo-photo (Moleong, 2008: 157). Panliten iki munjer lan njupuk saka ukara pacaturan lawakan kang ditindakake dening paraga Percil Cs minangka kanca pacaturane, kang nggunakake basa Jawa. Nanging kang dianggo dhata mung ukara-ukara lawakan kang jumbuh marang prinsip kerjasama lan *panyimpangan* prinsip kerjasama. Panliti nganggo dhata pacaturan kuwi, amarga panliti rumangsa ukara-ukara kasebut

bisa makili kanggo dianalisis.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku piranti-piranti kang dianggo panliti kanggo ngukur fenomena alam utawa sosial ngenani apa kang bakal diteliti (Sugiyono, 2012: 102). Miturut Arikunto (2013: 101) instrumen yaiku piranti kang dipilih lan digunakake panliti supaya luwih gampang uga asipat runtut, jangkep, lan tliti anggone nglumpukake dhata. Instrumen panliti nduweni piguna utawa kalungguhan kanggo nglumpukake dhata. Instrumene yaiku:

Panliti, yaiku wong kang nlti panliten kasebut lan minangka *instrumen* kang utama. Leptop, minangka piranti kanggo ndeleng vidheo kang ngemot gambar paraga Percil Cs kang lagi pacaturan lawakan. Piranti kanggo nyathet, arupa buku lan piranti tulis kanggo nyathet ukara kang diucapake uga nyathet bab-bab kang diperlokake.

Nglumpukake Dhata

Tata cara kang digunakake panliti kanggo ngumpulake dhata yaiku kanthi nyemak. Metodhe nyemak dhasare awujud teknik sadhap, amarga sejatine tatacara nyemak diwujudake kanthi cara nyadhap. Sabanjure teknik sadhap ditindakake kanthi patang teknik yaiku teknik nyemak libat cakap, teknik bebas libat cakap, teknik rekam, lan teknik nyathet.

Panliti ngumpulake dhata migunakake teknik nyemak bebas libat cakap lan teknik nyathet, yaiku wiwitane ngunduh vidheo lawakan Percil Cs saka situs web *you tube*. Banjur ndeleng vidheo lan nyemak apa kang dituturake paraga Percil Cs nyambi nyathet utawa *nranskripsi* ukara-ukarane saka tuturan lisan dadi tuturan tulis kang jumbuh marang prinsip kerjasama lan penyimpangan prinsip kerjasama Grice. *Nranskrip* saka wacana lisan ing tulis ana urutan kang diandharake Hutomo (sajrone Sudikan, 2014:180) yaiku, kanthi cara kasar utawa kabeh tuturan dicathet tanpa tandha waca, banjur dijumbuhake utawa dicocogake marang rekaman asline, sawise dijumbuhake banjur dibenerake tembung-tembung lan ukara sing kurang cetha lan diwenahi tandha waca, lan pungkasan asil saka *nranskripsi* kang wis bener mau diketig lan dadi teks lisan.

Tata Cara Pangolahe Dhata

Tata cara pangolahing dhata ing panliten iki migunakake *analisis* dhata kualitatif kayata ing ngisor iki:

Nglumpukake dhata kang dibutuhake, panliti nglumpukake dhata saka video kang diunduh saka *you tube* banjur ditranskrip utawa disalin awujud ketikan. Klasifikasi lan kodifikasi dhata, kanthi tujuwan nggolongake utawa milah-milah dhata. Dhata kang wis nglumpuk, banjur digolongake adedhasar undherane panliten. Kang wujud yaiku prinsip kerjasama lan penyimpangan prinsip kerjasama, lan disambi menehi nomer utawa kodhe

supaya nggampangake anggone nggolongake utawa milah-milah. Pungkasan banjur data dianalisis kanggo ngasilake sawijine dheskripsi utawa andharan saka dhata kang wis diklumpukake jumbuh marang bab kang diteliti.

Tata Cara Nyuguhake Dhata

Tata cara nyuguhake asil jlentrehan dhata ing panliten iki kanthi cara nggolongake tuturan kang kalebu jinis-jinise prinsip kerjasama mligine awujud dhata pacaturan lawakan Percil lan Yudho kang ngandhut prinsip kerjasama Grice mligine maksim kualitas. Dhata sing wis dijlentrehake diandharake kabeh awujud laporan katulis.

ANDHARAN ASILING PANLITEN

Andharan sajrone panliten iki nggunakake prinsip Kerjasama Grice, mligine ing maksim kualitas lan panyimpangane. Prinsip kasebut minangka punjer anggone nintingi saperangan tuladha pacaturan lawakan kang ditindakake dening Percil Cs ing pagelaran wayang. Dhata-dhata sing wis dipilih banjur diandharake lan dijlentrehake adhedhasar jinise tuturan miturut Searle kang diperang dadi lima yaiku tindak asertif, dhirektif, ekspresif, komisif, lan deklaratif. Sarta tata-cara anggone nuwuhake lawakan migunakake basa miturut Berger yaiku nuturake pasemon, plesedan, lan nuturake bab kang ndadekake salah tampa.. Dhata sing sumbere kabeh saka tuturan paraga Percil Cs ing pagelaran wayang bakal diandharake lan dijlentrehake siji mbaka siji.

Maksim Kualitas sajrone Pacaturan Lawakan awujud Tuturan Asertif Ngandharake

Sajrone Pacaturan lawakan Percil Cs kakandhut tuturan kang laras marang maksim kualitas kanthi fungsi tindak tutur asertif. Fungsi tindak asertif bisa dimangerteni nduweni maksud kanggo ngandharake sawijine prakara kanthi tuturan kang diwedhar lan lumrahe ngarepake pananggap saka mitra tutur tuladha ing kene awujud tuturan asertif ngandharake.

- Y : Bapa Sutris sarimbit Mbak Rom.
'Bapak Sutris beserta Mbak Rom.'
P : Rom. Ki apa maksude rombongan ta, Dhik?
'Rom. Apakah maksudnya itu rombongan, Dik?'
Y : ya mbuh, neng kene tulisane Rom. tok kok.
'ya tidak tahu, di sini tulisannya Rom. saja kok.'
(MKL, T01, V01: KPB)

Dhata (MKL, T01) Nalika maca cathetan, ana bab kang ora diweruhi Percil yaiku ngenani tulisan Rom. Banjur Percil nyoba takon marang mitra tutur ngenani bab kasebut. Yudho mangsuli "ya mbuh, neng kene tulisane Rom. tok kok." menawa dheweke ora ngerti lan satenane pancen tulisan Rom. kuwi kaya mangkono anane. Pacaturan kasebut mujudake tuturan trep marang kasunyatanane. Nalika panutur takon ngenani maksud saka sawijine tulisan, lan mitra tutur mangsuli kanthi ndeleng tulisan kasebut kang pancen kaya mangkono anane, ora ngapusi utawa

nuturake bab kang ora bener. Apa kang dituturake mitra tutur mujudake tuturan kang ana buktine lan trep marang kasunyatan saengga bisa diarani cundhuk marang maksim *kualitas*, sarta kanthi fungsi ngandharake.

Maksim Kualitas sajrone Pacaturan Lawakan awujud Tuturan Asertif Negesake Tuturan

Pacaturan lawakan Percil Cs kakandhut tuturan kang laras marang maksim kualitas kanthi fungsi tindak tutur asertif. Fungsi tindak asertif bisa dimangerteni nduweni maksud kanggo ngandharake sawijine prakara kanthi tuturan kang diwedhar lan lumrahe ngarepake pananggap saka mitra tutur tuladha ing kene awujud tuturan asertif negesake tuturan.

Y : kowe ki sing mbengok.
'*kamu itu yang teriak.*'

P : ora bos. Dudu aku.
'*tidak bos. Bukan saya.*'

Y : kowe ngunu kok.
'*kamu gitu kok.*'

P : aku ki neng kene, ora neng kono.
'*saya itu di sini, tidak di situ.*'

(MKL, T18, V02: PKK)

Dhata (MKL, T18) mujudake pacaturan Percil lan Yudho sawise nglagakake sawijine lagu. Yudho nuduh Percil kang mbengok nalikane nembang. Nanging Percil ora ngakoni tuduhan kasebut. Dheweke nyethakake menawa nalika kuwi ora mbengok, lan ora manggon ing sawijine panggon sing disebutake Yudho. Wangsulane Percil sing "ora bos. Dudu aku", mujudake tuturan kang bener lan blaka suta. Banjur ditambahi tuturan "aku ki neng kene, ora neng kono", mujudake anane bukti menawa Percil pancen ora nglakoni apa kang dituduhake dening Yudho. Tuturan Percil kasebut minangka mitra tutur, bener anane lan jumbuh marang bukti kang ana kalebu maksim *kualitas*. Pacaturan ing ndhuwur ora nuwuhake surasa lucu, amarga panutur lan mitra tutur ora mlesedake apa kang dituturake ateges jumbuh marang kasunyatan.

Maksim Kualitas sajrone Pacaturan Lawakan awujud Tuturan Dhirektif Pangarep-Arep.

Ing Pacaturan lawakan Percil Cs kakandhut tuturan kang laras marang maksim kualitas kanthi fungsi tindak tutur dhirektif. Fungsi tindak dhirektif yaiku tindak tutur kanthi tujuwan njejaluk mitra tutur kanggo ndarbeni sawijine prakara lan ngasilake pangribawa tumrap mitra tutur, lumantar tumindake panutur kasebut. Tindak tutur kanthi tujuwan njejaluk utawa mrentah, ing kene diandharake tuladha tuturan dhirektif pangarep-arep.

P : resik desa iki Dhik, muga wae.
'*besih desa ini Dhik, semoga saja.*'

Y : muga bisa resik saka sukerta, slamet donya

lan

akhirate.

'*semoga bisa bersih dari mara bahaya, selamar*

dunia dan akhiratmya.'

P : ammiin.
'*ammiin.*'

(MKL, T20, V03: SBB)

Dhata (MKL, T20) nuduhake pacaturan kang jumbuh marang maksim *kualitas*. Amarga Yudho ngandharake bab kang bener ing kasunyatan. Awujud tuturan "bisa resik saka sukerta, slamet donya lan akhirate", kang ancane ndongakake adicara resik desa supaya bisa lumaku kanthi lancar lan bisa ngadohake saka sukerta, lan slamet donya lan akhirate. Tuturan kasebut jumbuh marang ancane sejatine nglaksanani adicara kasebut. Ing pacaturan kasebut ora nuwuhake surasa lucu, amarga ora ana bab kang diplesedake lan kabeh tuturan jumbuh marang kasunyatan.

Maksim Kualitas sajrone Pacaturan Lawakan awujud Tuturan Dhirektif Ngandhani.

Pacaturan lawakan Percil Cs kakandhut tuturan kang laras marang maksim kualitas kanthi fungsi tindak tutur dhirektif. Fungsi tindak dhirektif yaiku tindak tutur kanthi tujuwan njejaluk mitra tutur kanggo ndarbeni sawijine prakara lan ngasilake pangribawa tumrap mitra tutur, lumantar tumindake panutur kasebut. Tindak tutur kanthi tujuwan njejaluk utawa mrentah, ing kene diandharake tuladha tuturan dhirektif ngandhani.

P : ndonga ki sing komplit, Dhik.
'*berdoa itu yang lengkap, Dik.*'

Y : oh yaayaa, aja kaya tanggaku.
'*oh iyaya, jangan seperti tetangga saya.*'

P : leh nyapo?
'*memang kenapa?*'

Y : ndongakne anake sing budhal kerja neng luwar Jawa. Jarene, "Muga-muga, anakku mulih ra eneng apa-apa". Tenan, Dhik, bolak-balik makarya mulih ra tau sukses anake. Mula yen ndonga kuwi sing jangkep.
'*mendoakan anaknya yang berangkat kerja di luar Jawa. Katanya, "semoga, anak saya pulang tidak ada apa-apa". Sungguhan, Dik, bolak-balik bekerja pulang tidak pernah sukses anaknya. Makanya jika berdoa itungyang komplit.*'

(MKL, T21, V02: PKK)

Dhata (MKL, T21) nuduhake pacaturan Percil lan Yudho kang lagi ngrembug donga. Percil meling menawa Yudho kudune ndonga kang jangkep. Lan Yudho mangsuli menawa dedonga pancene kudu jangkep. Supaya ora kaya tanggane, kang lagi ndongakake anake supaya sukses nalika makarya ing luwar kutha. Nanging ndongane ora jangkep, awujud tuturan "anakku mulih ra eneng apa-apa". Tuturan kasebut sing ndadekake kahanane dumadi tenanan menawa anake ora tau sukses yen makarya. Tuturan

kang nuduhake maksim *kualitas* yaiku mitra tutur ngandharake “Mula yen ndonga kuwi sing jangkep”, tuturan kasebut jumbuh marang kasunyatan menawa yen ndonga kudune sing jangkep, supaya ora kedaden kaya tanggane Yudho. Luwih-luwih yen sholat jangkep lan dongane jangkep kuwi luwih becik. Amarga donga jangkep kudune dibarengi marang sholat kang jangkep, supaya bisa diijabahi dening Gusti.

Maksim Kualitas sajrone Pacaturan Lawakan awujud Tuturan Ekspresif Umuk

Pacaturan lawakan Percil Cs kakandhut tuturan kang laras marang maksim kualitas kanthi fungsi tindak tutur ekspresif. Tindak ekspresif yaiku tindak tutur kang ngandhut maksud kanggo ngandharake kahanan psikise panutur ngenani samubarang, ing kene tuladhane tuturan ekspresif umuk.

P : umpama sesuk awan-awan ana wong njaluk beras nak omahe sampeyan. Mokwehi?
'seumpama besuk siang-siang ada orang meminta beras ke rumahnya kamu. Kamu berikah?'

Y : oh, ya takwehi. Wong mampu kok aku.
'oh, iya saya beri. Orang mampu kok saya.'

(MKL, T27, V03: SBB)

Dhata (MKL, T27) pacaturan Percil lan Yudho kang ngrembug bab wong njejaluk. Diwiwiti pitakonane Percil marang Yudho, menawa awan-awan ana wong kang beras ing omahe apa bakal diwenahi. Yudho mangsuli kanthi teges, yen dheweke bakal menahi wong kasebut sajrone tuturan “oh, ya takwehi. Wong mampu kok aku”, dheweke sarujuk bakal menahi amarga dheweke mampu, tembung mampu kasebut nuduhake yen dheweke umuk. Amarga menawa ora nganggo tembung kasebut, menawa pancen saguh menahi kuwi wis cukup kanggo dituturake. Tuturan kasebut uga bener anane, menawa dheweke bisa menahi beras ing wayah kasebut saengga bisa diarani jumbuh marang maksim *kualitas*.

Panyimpangan Maksim Kualitas sajrone Pacaturan Lawakan awujud Tuturan Ekspresif Nglawak

Sajrone pacaturan lawakan Percil Cs saliyané ngandhut tuturan kang laras marang maksim kualitas, uga ngandhut tuturan kang nyimpang saka maksim *kualitas* lan kanthi fungsi tindak tutur ekspresif. Tindak ekspresif yaiku tindak tutur kang ngandhut maksud kanggo ngandharake kahanan psikise panutur ngenani samubarang. Titikan kang mbedakake plesedan-plesedan kasebut yaiku menawa mlesedake tembung, ana tembung kang dirambah pindho kanthi beda konteks. Menawa mlesedake swara, ana swara kang ditegesi beda. Pungkasan kanggo nitiki plesedan teges, sawijine teges kang dinylenehake panganggone.

Y : wong wedok ki tiyang negara, nek lanang ki tiyang jaler, Cil.
'orang perempuan itu tiang negara, jika laki-laki itu orang laki-laki.'
P : nek separo lanang-wadon ki tiyang listrik.
'jika separuh laki-laki dan perempuan itu tiang listrik.'

(PKL, T33, V05: BWK)

Banjur Percil nanggepi menawa “separo lanang-wadon ki tiyang listrik”, kamangka satenane arane wong kang separo lanang lan wadon kuwi banci. Tanggepan Percil kang ora bener tur ora jumbuh marang bukti kang ana kalebu nyimpang saka maksim *kualitas*. Nanging tuturan kasebut diucapake kanggo njangkepi lawakane Yudho kang mlesedake tembung tiyang. Tiyang negara kuwi wong wadon wis bener minangka bab paribasan, nek lanang kuwi tiyang jaler pancen bener nanging mlesed saka paribasan. Supaya surasa lucune saya gedhe, Percil nambahi separo lanang-wadon kuwi tiyang listrik sing mlesede teges luwih ora bener lan ora lumrah.

Panyimpangan Maksim Kualitas sajrone Pacaturan Lawakan Percil Cs awujud Tuturan Ekspresif Nglawak kanthi Nuturake Pasemon

Pacaturan lawakan Percil Cs saliyané ngandhut tuturan kang laras marang maksim kualitas, uga ngandhut tuturan kang nyimpang saka maksim *kualitas* lan kanthi fungsi tindak tutur ekspresif. Tindak ekspresif yaiku tindak tutur kang ngandhut maksud kanggo ngandharake kahanan psikise panutur ngenani samubarang. Tuturan kanthi cara nuturake pasemon, bisa dititiki menawa ana pawongan kang dituju minangka *objek* tuturan.

P : hla, nek omahe Pak Minto piye?
'hla, di rumahnya Pak Minto bagaimana?'

Y : we rung neng omahe Pak Minto sing anyar?
Wuhh ket ngarep wis ukiran, mbuh ukiran tenanan mbuh dipangan rayap.
'kamu belum ke rumahnya Pak Minto yang baru? Wuhh dari depan sudah penuh ukiran, tidak tau ukiran sungguhan atau karena dimakan rayap.'

(PKL, T45, V01: KPB)

Tuturan kasebut, dipocapake kanthi dhasar kang ora cetha lan ora jumbuh marang kasunyatané amarga mokal omah anyar wis dikebaki dening wukirane rayap. Saengga tuturan kasebut diarani ora slaras marang maksim *kualitas* kang kudune jumbuh marang kasunyatan lan cetha dhasar tuturane miturut kang diweruhi.

Tembung ukiran ing kene ateges omah kang katon apik kebak rerenggan ukiran lan nuduhake duweke wong kang sugih donya brana. Nanging dening Yudho, tembung ukiran kasebut diplesedake kahanane kanthi wukiran jalaran dipangan dening rayap. Ora jalaran diwukir dening pangukir supaya katon bagus. Tuturan Yudho kang mlesedake tembung

wukir kasebut, minangka pasemon kanggo nuwuhake surasa lucu sajrone pacaturan.

Panyimpangan Maksim Kualitas sajrone Pacaturan Lawakan Percil Cs awujud Tuturan Ekspresif Nglawak kanthi Ndadekake Salah Tampa

Tuladha pacaturan lawakan Percil Cs kang nyimpang saka maksim *kualitas* awujud tuturan tindak ekspresif nglawak kanthi cara nuturake samubarang kang ndadekake salah tampa bakal diandharake ing ngisor iki. Tuturan kanthi nuturake lawakan kang ndadekake salah tampa bisa dititiki menawa mlesedake sawijine kahanan arupa pranyatan kang bisa ndadekake mitra tuture nanggapi kanthi rasa anyel, nesu, gela, muntab, lan balik nglanggati utawa eyel-eyelan.

Y : jare mari tuku mobil anyar we, Cil? Mobil apa?

'katanya baru saja membeli mobil baru kamu, Cil? Mobil apa?'

P : mobile ora apik-apik nemen, berhubung durung

ana garasine. Ya takdeleh ndhuwur bupet.
'mobilnya tidak begitu bagus, berhubung belum ada garasinya. Ya saya letakkan di atas bupet.'

Y : lah halah, mobil tamiya bak-e.

'lah-halah, mobil tamiya ternyata.'

(PKL, T57, V03: SBB)

Percil nuturake bab kang ora bener, lan ora jumbuh marang bukti ing kasunyatan. Saengga bisa diarani nyimpang saka maksim *kualitas*. Saka tuturan kasebut, Percil kanthi sengaja mlesedake teges mobil sing dimaksud dening Yudho. Lan mangsuli kanthi jlentrehan wujud mobil anyar kang dianggo rerenggan ing ndhuwur lemari, jalaran plesedan tembung kasebut saengga nuwuhake bab kang lucu yaiku Yudho gela amarga keweleh utawa salah tampa.

Tema Wujude Panganan

Kang dirembag saka panganan minangka tema lawakan yaiku kahanan utawa wujude panganan kang diplesedake, kaya dene panganan kang salah kedaden, panganan kang dicokot bakal bali nyokot, lan sapiturute kaya dene tuladha ing ngisor iki.

Percil : panganan apa sing bungkuse nak njerone panganan?

Yudho : nagasari.

Percil : oh, dudu. Ngomong lempur taktapuk lambemu
we ko.

Yudho : madu mangsa.

Percil : dudu, bungkuse nak njaba. Kuwi muni panganan salah kedaden, Mas. Kleru nggawene kuwi ketoke. Kabeh panganan ki bungkuse neng njaba. Ora ana panganan

sing bungkuse neng njero, nek ana ya sing mangan bakal kesloloten cangkem.

Sajrone tuladha kasebut Percil miwiti pacaturan kanthi nakokake bab panganan kang bungkuse neng njero, lan Yudho mangsuli sabisane kanthi nuturake sawernane panganan. Nanging Percil nampik lan nuturake menawa wangsulane Yudho ora bener, lan mangsuli pitakonane dhewe kanthi ngandharake menawa panganan sing dadi pitakonane dheweke kasebut sejatine ora ana ing kasunyatan utawa bab kang diplesedake menawa ana bakal ndadekake kesloloten kang mangan.

Tema Kahanan Pawongan

Pawongan kang dirembag kahanane sajrone pacaturan lawakan Percil Cs maneka warna, wiwit saka pawongan kang nduweni pakaryan ndhalang, panjak, sindhen, tamu undhangan sajrone adicara, nganti kahanan pawongan padinan. Kaya dene tuladha ngrembag kahanane sawijine dhalang, kahanane panjak, lan kahanane wong gendheng, lan kahanane tamu undhangan.

Yudho : dhalang Pak Rudi Gareng, sing rambute kriwil

-

kriwil i lo. Hmm, tumone gedhi-gedhi Dhik.

Percil : mosok ta Pak? tapi iki dhalang kondhang lo Dhik.

Sapa ta sing ra ngerti "Ruga".

Yudho : Ruga apa Dhik?

Percil : rugaan, ya Rudi Gareng

Diwiwiti saka Yudho kanthi ngandharake kahanane Ki Rudi Gareng sing nduweni titikan gaya rambut kang beda marang dhalang liyane yaiku dhawa tur kriwil-kriwil. Andharane Yudho kasebut sejatine awujud pasemon marang Ki Rudi, amarga nuturake bab kang ora bener tur ngumpamake ala ngenani wujud rambute Ki Rudi kang bisa nuwuhake surasa lucu. Banjur Percil mangsuli kanthi nakokake menawa dheweke ora pracaya, lan nuturake kahanan Ki Rudi liyane kang minangka dhalang kondhang.

Tegese Tetembungan

Tema kang kaping telu lan asring dianggo dening Percil Cs yaiku ngenani teges, bisa tegese tetembungan, piranti, dina, hadist, lan teges maksud saka omongan. Nalika negesi ana kang kanthi bener, lan ana kang kanthi diplesedake kaya dene tuladha ing ngisor iki.

Yudho : wong ki kudu sing resikan, apa maneh bersih dhusun. Ana sing ngarani nyadran.

Percil : nyadran.

Yudho : kuwi tegese ndongakne para leluhur sing babat cikal bakal, sing bakal dadi desa kene. Mulane didongakne, muga-muga katampaa kabeh amal ibadahe dening Gusti kang Maha Kuwasa.

Sajrone pacaturan kasebut Yudho ngandharake teges saka tetembungan nyadran kanthi makna kang amba lan sanyatane marang Percil, menawa nyadran ora mung slametan kanggo pawongan kang isih ana ing alam donya nanging uga kanggo ndongakake pawongan sing wis tilar donya. Dirembag dening Percil Cs amarga ora mung tetembungan dhagelan sing wigati sajrone lawaka nanging kawruh bab budaya, panguripan lan agama uga wigati.

Pakaryan Padinan

Pakaryan padinan uga asring didadekake idhe sajrone pacaturan lawakan Percil, amarga wis lumrah dingerteni dening sakehing pawongan. Kaya dene pakaryan bakulan, nembang, migunakake telepon, ndonga, lan budhal tanggapan.

Percil : ora, maksude telpon omah tok ngene (mragakne nganggo telpon)

Yudho : iya, carane piye?

Percil : oh, kae gagange cekel ceg.

Yudho : gagange sapa?

Percil : ya gagange bojomu, taktapuk lambemu. Ya gagange telpon goblok.

Percil ngandharake tata carane nelpon marang Yudho, lan Yudho uga melu mragakake apa kang dilakokake Percil. Nalika mragakake kanggo nyekel lan ngangkat telpone, Yudho nakokake apa kang kudune dicekel. Lan Percil mangsuli kanthi mlesedake tetembungane menawa kang dicekel kuwi bojone. Kamangka wong loro kasebut lagi mragakake tata carane nelpon. Tuturan Percil ngenani tata carane nelpon banjur mlesedake tetembungan ndadekake tuwuhe surasa lucu.

Asil Panliten lan Dhiskusi Asil Panliten

Sawise diandharake dhata awujud pancelathon paraga Percil Cs, kang sabanjure dhata-dhata kasebut dijlentrehake siji mbaka siji adhedhasar maksim kerjasama mligine maksim *kualitas* lan panyimpangan maksim *kualitas* kasebut. Panliti uga medhar asile panliten kanggo njlentrehake bab-bab sing wis diasilake sajrone panliten, kang ana sambung rakete marang undherane panliten yaiku (1) Maksim *kualitas* apa wae kang digunakake sajrone pacaturan lawakan Percil Cs ing Pagelaran Wayang. (2) Panyimpangane maksim *kualitas* apa wae kang digunakake sajrone pacaturan lawakan Percil Cs ing Pagelaran Wayang. Asile panliten iki adhedhasar panliten kang wis dilaksanakake yaiku anane tuturan Percil Cs ing Pagelaran Wayang cacahé 66 tuturan. Kang slaras marang maksim *kualitas* cacahé ana 27, lan kang nyimpang saka maksim *kualitas* cacahé ana 39 tuturan.

Wujude tuturan Percil Cs ing pagelaran wayang kang slaras marang prinsip kerja sama awujud maksim *kualitas* nduweni sawernane fungsi tuturan yaiku fungsi asertif, fungsi dhirektif, lan fungsi ekspresif. Tuturan kang dipocapake kanthi

cundhuk marang fungsi-fungsi kasebut supaya nduweni piguna, dadi ora mung ngucap lawakan kanggo nglipur pamiarsa nanging uga nduweni piguna liya. Kaya dene sarana pasinaon lan medhar informasi awujud tindak tutur ngandharake sawijine bab cacahé ana 17 lan tindak tutur negesake tuturan kang cacahé ana loro, tindak tutur kasebut kalebu sajrone fungsi asertif. Kanggo mangribawani mitra tutur supaya nindakake sawijine tumindak, kakandhut ing fungsi dhirektif arupa tindak tutur ngandhani kang cacahé ana 6 tuturan lan tindak tutur pangarep-arep kang cacahé ana siji. Sarta piguna kanggo ngandharake pangrasane panutur ngenani kahanan kang lagi dumadi kakandhut sajrone fungsi ekspresif arupa tindak tutur umuk kang cacahé ana siji.

Menawa wujud tuturan Percil Cs ing pagelaran wayang kang nyimpang saka maksim *kualitas* uga kaya mangkono. Tuturan nyimpang wis cetha yen disengaja kanggo nuwuhake surasa lucu sajrone pacaturan, fungsi kasebut yaiku kang paling utama fungsi ekspresif, menawa tindak asertif, lan dhirektif kang nyimpang saka maksim *kualitas* ora ditemokake. Fungsi ekspresif kanggo ngandharake pangrasane panutur ngenani kahanan kang lagi dumadi, arupa tindak nglawak kang dumadi amarga tindak pasemon, mlesedake sawernane bab kaya dene tetembungan, swara, lan teges, sarta nuturake samubarang kang ndadekake salah tampa kang cacahé ana 39 tuturan.

PANUTUP Dudutan

Adhedhasar andharan kang wis dijlentrehake ing bab sadurunge, awujud analisis dhata lan asile panliten ngenani tuturan Percil Cs ing pagelaran wayang kang slaras lan nyimpang saka maksim *kualitas*. Bisa ditemtokake ana telung dudutan, yaiku:

- 1) Pacaturane Percil Cs ing pagelaran wayang kasebut ngandhut aspek pragmatik prinsip kerjasama Grice. Bisa diarani kaya mangkono, amarga pacaturane Percil Cs kasebut laras marang kaidah basa lan prinsip kerjasama miturut panemune Grice, kang mligi sajrone maksim *kualitas*. Wujud basa kang ana gegayutane marang maksim *kualitas* kaperang dadi rong peranan, yaiku (1) wujud basa kang laras marang maksim *kualitas*, lan (2) wujud basa kang nyimpang saka maksim *kualitas* sajrone pacaturan lawakan Percil ing pagelaran wayang. Saka asile panliten kang wis dilaksanakake yaiku katemokake anane tuturan Percil Cs ing Pagelaran Wayang cacahé 66 tuturan kang jumbuh marang teori kasebut. Kanthi peprincen, kang slaras marang maksim *kualitas* cacahé ana 27, lan kang nyimpang saka maksim *kualitas* cacahé ana 39 tuturan. Anane pacaturan kang nyimpang saka maksim *kualitas* luwih akeh tinimbang kang laras, nuduhake menawa pacaturan Percil kasebut disengaja kanggo

- nglipur lan nuwuhake surasa lucu jalaran pancen pacaturan Percil Cs awujud tuturan lawakan.
- 2) Senajan kanggo nuwuhake surasa lucu, durung mesthi lan ora kudu nyimpangake maksim kerja sama. Amarga surasa lucu bakal tuwuh gumantung konteks kang diweruhi dening paraga pacaturan. Menawa kerja sama mesthi wigati utawa kanggo lumakune pacaturan supaya lancar, senajan pacaturan kasebut kanggo nuwuhake surasa lucu ora kudu nyimpangake maksim kerja sama. Nyimpangake maksim kerja sama uga ora mung kanggo nuwuhake surasa lucu, nanging uga kanggo ancas liya kaya dene ndadekake emosine mitra tutur.
 - 3) Saliyane kuwi tuturane Percil Cs uga ora mung kanthi fungsi nglipur, nanging uga ngemu fungsi liyane yaiku fungsi asertif, dhirektif lan ekspresif. Wujude tuturan Percil Cs kang laras marang maksim *kualitas* adhedhasar fungsi tuturan ana telu jinis, yaiku tindak asertif awujud tuturan ngandharake lan tuturan negesake. Tindak dhirektif awujud tuturan pangarep-arep, sarta tindak ekspresif awujud tuturan umuk. Wujude tuturan Percil Cs kang nyimpang saka maksim *kualitas* adhedhasar fungsi tuturan ana tindak ekspresif, awujud tuturan nglawak. Tuturan nglawak kasebut uga migunakake sawernane cara kanggo nuwuhake surasa lucu, yaiku kanthi mlesedake tuturan (teges, tembung, lan swara), nuturake pasemon, sarta nuturake samubarang kang ndadekake salah tampa. Saliyane fungsi-fungsi kasebut, tuturan lawakan Percil uga kanthi fungsi medhar kawruh sawernane bab kaya dene ngenani agama, budaya, seni, lan tradhisi sajrone panguripan ing bebrayan Jawa.

Pamrayoga

Panliten ngenani pacaturan lawakan Percil Cs iki mung winates nintingi bab prinsip kerjasama kang munjer ing maksim *kualitas* lan panyimpangane maksim kasebut. Sarta uga ngrembug dhata tuturan kang ngandhut fungsi tuturan sarta bab kang njalari tuwuhe surasa lucu sajrone pacaturane Percil Cs. Isih akeh banget wujud lan penyimpangan maksim kerjasama Grice sajrone pacaturan lawakan Percil Cs kang durung diandharake. Mula disuwun kanggo para pamaca supaya bisa maklumi kurang lan lupute panulis. Kanggo panliten sabanjure muga bisa ndadekake panliten kang wis ditindakake iki dadi bahan tambahan utawa referensi supaya luwih sampurna lan tliti anggane nintingi fungsi lan wujud prinsip kerjasama sajrone basa lawakan.

KAPUSTAKAN

- Berger, Arthur Asa. 2005. *Tanda-tanda dalam Kebudayaan Kontemporer: Suatu Pengantar Semiotika*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Basir, Udjang, Pr. 2010. *Pengantar Kajian Tindak Berbahasa, Konsep, Teori, Model Pendekatan*

- dan Fakta Bahasa*. Surabaya: Bintang.
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-prinsip Pragmatik (Terjemahan M. D. D. Oka)*. Jakarta: UI Press.
- Kushartanti, dkk. 2005. *Pesona Bahasa: Langkah Awal Memahami Linguistik*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa Tahapan, Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: PT. Remaja Raja Grafindo Persada.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Nababan, P. W. J. 1987. *Ilmu Pragmatik (Teori dan Penerapannya)*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Nababan. P. W. J. 1993. *Sosiolinguistik: Sebuah Pengantar*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Parera, Josh Daniel. 2004. *Teori Semantik*. Jakarta: Erlangga.
- Putrayasa, Ida Bagus. 2015. *Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Rahardi, Kunjana. 2005. *Pragmatik: Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Penerbit Erlangga
- Rani, Abdul, dkk. 2006. *Analisis Wacana Sebuah Kajian Bahasa Dalam Pemakaian*. Malang: Bayumedia Publishing.
- Rohmadi, Muhammad. 2004. *Pragmatik. Teori dan Analisis*. Yogyakarta: Lingkar Media.
- Soeparno. 2013. *Dasar-dasar Linguistik Umum*. Yogyakarta: TiaraWacana
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Pers.
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif dan R & D*. Bandung: Alfabeta.
- Sujoko. 1982. *Perilaku Manusia dalam Humor*. Jakarta: Karya Pustaka.
- Umi Narimawati. 2008. *Metode Penelitian Kualitatif dan Kuantitatif, Teori dan Aplikasi*. Bandung: Agung Media.
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset.
- Wijana, I Dewa Putu, Rohmadi. 2010. *Analisis Wacana Pragmatik. Kajian Teori dan Analisis*. Surakarta: Yuma Pustaka.
- Yule, George. 2006. *Pragmatik*. (Dijarwakake dening Indah Fajar Wahyuni). Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Kapustakan Kamus:

- Pranowo, Sudaryanto. 2001. *Kamus Pepak Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Badan Kongres Bahasa Jawa.

Kapustakan Jurnal:

- Tiana, Riris. 2017. "Strategi Pragmatik dalam Penciptaan

Humor di Televisi” dalam Jurnal Nusa Vol. 12 No. 2. Semarang: Universitas Diponegoro. (<https://scholar.google.co.id>, diunduh tanggal 21 Juni 2019)

<https://www.youtube.com/watch?v=kJLuScGJhtc>
<https://www.youtube.com/watch?v=a4-bKo8TyhA>
<https://www.youtube.com/watch?v=aa1A6f67aXY>
<https://www.youtube.com/watch?v=D34-y3gfoRM>

Surana. 2017. “Inferensi dan Problematika Pembelajaran

Analisis Wacana” sajrone Jurnal FKIP e-PROCEEDING, No. 237-244. Universitas Jember. (<https://scholar.google.co.id>, diunduh tanggal 30 Juli 2019)

Surana. 2015. “Variasi Bahasa dalam Stiker Humor”. Doctoral Dessertation, Universitas Gadjah Mada. (<https://etd.repository.ugm.ac.id>, diunduh tanggal 30 Juli 2019)

Kapustakan Skripsi:

Cahyani, Intan Nur. 2017. “Maksim Kerjasama lan Penyimpangan Maksim Kerjasama sajrone Pacaturan para Mahasiswa kang Kos ing Babatan Surabaya (Tintingan Pragmatik)”. Skripsi (Online). Fakultas Bahasa dan Seni. Universitas Negeri Surabaya. (<https://www.neliti.com>, diunduh tanggal 15 November 2018, jam 15.00 WIB.)

Damayanti, Ratna. 2017. “Prinsip Kerjasama Sajrone Pacaturan Lawakan Kirun, Bagyo, lan Kholik”. Skripsi (Online). Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya. (<https://www.neliti.com>, diunduh tanggal 12 November 2018, jam 21.00 WIB.)

Kurnianto, Ardian. 2013. “Aspek Pragmatik Basa Dagelan:

Aspek Pargmatik Basa Dagelan Kirun lan Sandirana”. Skripsi (Online). Fakultas Bahasa

dan

Seni, Universitas Negeri Surabaya. (<https://www.neliti.com>, diunduh tanggal 10 November 2018, jam 20.00 WIB.)

Wahyuni, Mareta. 2016. “Implikatur Pacaturan lan Pelanggaran Maksim Kerjasama sajrone Tetakonan ing Grup Sumbangsih”. Skripsi (Online). Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya. (<https://www.neliti.com>, diunduh tanggal 15 November 2018, jam 19.00 WIB.)

Yulaehah, Fitri. 2012. “Analisis Prinsip Kerja Sama pada

Komunikasi *Facebook* (Studi Kasus pada Mahasiswa Bahasa dan Sastra Indonesia)”. Skripsi Online. Fakultas Bahasa dan Seni. Universitas Negeri Yogyakarta. (<https://eprints.uny.ac.id>, diunduh tanggal 1 Juli 2019, jam 11.00 WIB)

Kapustakan Website:

<https://id.m.wikipedia.org>
<https://elib.unikom.ac.id>
<https://youtu.be/pVmLxB-nRv8>
https://www.youtube.com/watch?v=F_4G3CEzEpY